



Pwotokòl Règleman 91-5 (5 Septanm 1991)

Limit sou Aplikasyon Demann pou Re-Konsiderasyon
Lòd Administratè Lwaye yo
ak/oswa Manm Komisyon an Pibliye

Nou bay Deklarasyon règleman sa a pou bay eklèsisman epi pou respekte règleman DHCR anrapò ak demann pou re-konsiderasyon lòd administratè lwaye a ak detèminasyon Petisyon pou Revizyon Administratif anba tout lwa lwaye ki anba kontwòl ajans lan.

Lwa yo prevwa kontestasyon lòd yon administratè lwaye jouk nan aplikasyon yon Petisyon pou Revizyon Administratif [Administrative Review (PAR)]. Ou dwe fè Petisyon pou Revizyon Administratif avèk DHCR nan 35 jou apre dat piblikasyon lòd administratè lwaye a. Ou ka konteste yon detèminasyon PAR, ki se yon lòd final Manm Komisyon an. Pou fè sa, ou dwe fè yon petisyon nan tribinal pou gen yon revizyon jidisyè, jan sa prevwa nan Atik 78 Lwa ak Règ sou Pratik Sivil, nan 60 jou ki vini apre dat detèminasyon PAR.

Lwa ak règleman yo pèmèt DHCR re-konsidere yon dosye ki sou aplikasyon nenpòt moun ki konsène nan yon pwosedi, oswa avèk pwòp demach li epitou avèk avi pou tout moun konsène ki afekte yo kote DHCR jwenn lòd la se te akòz fwod, ilegalite, iregilarite nan yon zafè ki enpòtan. Men, pwoblèm yo pa konsidere anvan nan pwosedi a p ap parèt nan re-konsiderasyon an sof nan limit pwoblèm nan reprezante nouvo prèv ki pa t disponib anvan.

Pou kapab eklèsi ak nòmalize pwosedi yo ak limit tan an pou demann pou re-konsiderasyon lòd DHCR bay yo anba kat lwa sou kontwòl lwaye, DHCR adopte règleman ki endike anba la a:

Yo dwe remèt demann pou re-konsiderasyon yon lòd yon administratè lwaye bay sou yon iregilarite nan yon zafè enpòtan sou DHCR nan 95 jou apre dat piblikasyon lòd la. Demann pou re-konsiderasyon anba sikonstans sa a te resevwa plis pase 95 jou nan dat piblikasyon lòd la ap jwenn refi otomatikman sof si moun ki fè demann lan kapab pwouve li pa t kapab fè demann lan nan peryòd tan ki obligatwa a. Pa egzanp, si DHCR pa t remèt lòd la kòrèkteman ba moun konsène ki afekte a nan peryòd tan an, oswa si yo te dekouvri nouvo prèv yo te kapab jwenn anvan. Demann pou re-konsiderasyon an dwe gen ase prèv pou jistifye iregilarite ki nan yon zafè enpòtan ki te afekte detèminasyon an.

Demann pou re-konsiderasyon an yon lòd Manm Komisyon ki baze sou yon iregilarite nan yon zafè enpòtan dwe fèt nan 60 jou apre dat piblikasyon lòd la sof si moun ki fè demann lan kapab pwouve pou kisa yo pa t kapab espere li te dwe fè demann lan nan peryòd tan obligatwa a.

Nou re-pibliye dokiman sa a pou bay enfòmasyon sèlman.
 Dokiman orijinal ki gen siyati otorizasyon an sou dosye nan Biwo Administrasyon Lwaye DHCR.

Ou ka fè demann pou gen re-konsiderasyon lòd, administratè lwaye oswa Manm Komisyon an pibliye, ki baze sou fwod oswa ilegalite, nenpòt kilè. Men, moun konsène ki fè demann lan dwe endike done yo epitou li dwe bay dokiman ki gen pou wè ak sa ki reprezante fwod la oswa ilegalite a.

Yon demann pou re-konsiderasyon pa kapab garanti pou okenn rezon si yon moun ki konsène te kòmanse yon pwosedi dapre Atik 78 pou detèmine merit lòd Manm Komisyon an, oswa si yon jijman te pwononse pou rekouvremant dedomajman yo bay nan lòd ki konsène a.

Fwod, ilegalite ak iregilarite nan yon zafè enpòtan defini jan sa endike anba la a:

Fwod Fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki twonpe moun yon moun ki konsène konnen ki fo oswa k ap twonpe moun epi ki te depannde enfòmasyon DHCR epitou ki afekte lòd Administratè Lwaye a oswa lòd Manm Komisyon an.

Ilegalite Yon aksyon DHCR fè ki pa dakò avèk prensip lwa ki reprezante yon defo konplè nan pwosedi yo

Iregilarite nan yon zafè ki enpòtan

Si ajans lan pa fè kalkil pri lwaye a oswa sanksyon an egzakteman, oswa si li pa konfòme li avèk règle pratik ak pwosedi ki anplas.

Lè yo akòde yon demann pou re-konsiderasyon, yo re-louvri dosye a epi ajans lan ka bay lòd pou sispann lòd ki la anvan an. Si yo sispann yon lòd, y ap endike kondisyon yo sou avi pwosedi a oswa sou lòd pou re-louvri dosye a, epitou y ap remèt avi a oswa lòd la ba tout moun ki konsène nan lòd anvan an.

Kit yo akòde yon demann pou re-konsiderasyon, kit yo bay refi pou li, sa pa depannde kontestasyon nan ajans lan. Yon lòd yo bay sou re-konsiderasyon, ki modifiye sa ki nan lòd anvan an, gen efè pou anile lòd anvan an nan limit li modifiye a. Dat piblikasyon an ak dat li anvigè a se dat yo konsidere kòm dat piblikasyon nouvo lòd la. Poutèt sa, yon moun ki konsène ka mande yon revizyon administratif oswa jidisyè, selon si se yon administratè lwaye oswa Manm Komisyon ki bay nouvo lòd la, menmsi limit tan pou konteste ansyen lòd la ekspire.

Lè yo bay yon lòd apre yon re-konsiderasyon sèlman korije yon lòd yo te bay anvan nan yon domèn ki pa enpòtan dapre yon erè tipografik oswa administratif, dat piblikasyon an ak dat kòmansman ap rete jan li endike nan lòd anvan an.

Yon demann pou re-konsiderasyon pa sispann piblikasyon PAR oswa limit tan pou aplike dapre Atik 78. Poutèt sa, yon demann pou re-konsiderasyon pa ranplase aplikasyon yon PAR oswa pwosedi dapre Atik 78.

Elliot G. Sander
Manm Komisyon Adjwen
pou Administrasyon Lwaye